

**Clinical Coordinating Center**  
Massachusetts General Hospital  
55 Fruit Street, 5LON207  
Boston, MA 02114

**Data Coordinating Center**  
Massachusetts General Hospital  
165 Cambridge Street Suite 400  
Boston, MA 02114

## Prevalans ak Korelasyon nan Anomali Elektwokadyografik kay Adilt ki gen VIH: Apèsi sou Esè REPRIEVE la

Gerald Bloomfield, Isabelle Weir, Pamela Douglas, and colleagues

[https://journals.lww.com/jaids/Abstract/9000/Prevalence\\_and\\_Correlates\\_of\\_Electrocardiographic.95753.aspx](https://journals.lww.com/jaids/Abstract/9000/Prevalence_and_Correlates_of_Electrocardiographic.95753.aspx)

Nan plizyè etid yo te dekouvri moun ki ap viv ak maladi VIH (PWH) genyen yon risk pi elve pou maladi kadyovaskilè (CVD). Rechèch anvan yo te montre tou PWH yo genyen plis anomali pase popilasyon jeneral la nan siyal elektrik fonksyon kadyak yo, oswa ECG (elektwokadyogram). Yon bagay an patikilye ki enpòtan anpil se dire kontraksyon kè a ke yo mezire pa alonjman entèval QT korije (QTc) a ki genyen rapò avèk desè kadyak sanzatann. Yo pa rapòte jiska ki pwen anomali ECG lakay PWH nan senkantèn yo ki sou trètman antiretroviral ak relasyon yo avèk terapi antiretroviral (ART), sèks, ras oswa etni yo komen nan kowòt mondyal kontanporen yo. Nan etid sa a, nou analize ECG debaz lakay patisipan REPRIEVE ki asenptomatik, ak risk fèb rive modere pou CVD, nan objektif rechèch sèlman. Yo te enfòmè tout patisipan ki genyen anomali enpòtan pandan ECG a.

### ➤ Patisipan

- 7720 patisipan REPRIEVE
- Laj mwayen: 50 lane
- 31% fanm
- 43% Nwa oswa Afwo-Ameriken, 35% Blan, 15% Azyatik, 7% lòt ras

### ➤ Dekouvèt Jeneral nan ECG

- 44% patisipan yo te genyen omwen yon anomali nan ECG yo.
- Dekouvèt nan ECG yo ki te pi komen se te repolarizasyon prekòs (konfigirasyon anòmal siyal elektrik pandan rekipèrasyon aprè kontraksyon an) a 12%, elajisman chanm kadyak a 8% epi pwolonjman entèval QTc a 8%.

### ➤ Dekouvèt nan ECG selon gwoup demografik yo

- Gason te genyen QTc ki pwolonje pi souvan pase fanm yo.
- Pwolonjman QTc a te prèske 2 fwa pi komen pami patisipan Azyatik yo (12%) konpare avèk Nwa oswa Afwo-Ameriken (8%), Blan (7%), oswa lòt ras yo (6%).

### ➤ Relasyon ant QTc pwolonje ak chaj viral

- Patisipan ki genyen chaj viral >400 kopi/ml te genyen prèske 2 fwa plis chans pou genyen QTc pwolonje konpare avèk sa ki te genyen yon chaj viral yo pa t ka detekte.
- Relasyon sa a te konsistan menm aprè yo konsidere diferans nan sèks, laj, ras, endis mas kòporèl (BMI), fimen ak tansyon ateryèl ki wo.

**An rezime:** Nou te dekouvri prèske mwayen nan tout patisipan yo te genyen omwen yon anomali nan ECG, avèk repolarizasyon prekòs, elajisman chanm ak pwolonjman QTc kòm sa ki pi komen yo. Pwolonjman QTc a

REPRIEVE Trial Website: [reprivetrial.org](http://reprivetrial.org)

*Dekouvèt yo pataje nan rezime sa a sòti nan popilasyon REPRIEVE la a yon moman espesifik nan dire a. Dekouvèt sa yo se deskripsyon yo ye epi yo pa fèt nan lide pou chanje swen klinik. Si ou genyen kesyon sou sa ou li yo, tanpri pale avèk manm ekip etid REPRIEVE la nan sit lokal ou a oswa avèk yon founisè swen sante.*



# REPRIEVE



# MASSACHUSETTS GENERAL HOSPITAL

---

**Clinical Coordinating Center**

Massachusetts General Hospital  
55 Fruit Street, 5LON207  
Boston, MA 02114

**Data Coordinating Center**

Massachusetts General Hospital  
165 Cambridge Street Suite 400  
Boston, MA 02114

te pi komen pami patisipan Azyatik yo, gason ak sa ki genyen chaj viral VIH pi wo. Menmsi direktiv swen yo pa toujou konsistan sou si pou fè yon ECG woutin pou PWH nan senkantèn yo ki genyen risk fèb-modere pou CDV, dekouvèt nou yo sigjere ta ka genyen bezwen pou fè sa. Etid fiti yo, menm swivi ki ankou avèk patisipan REPRIEVE yo, pral founi plis enfòmasyon sou kesyon sa a.

REPRIEVE Trial Website: [reprievetrial.org](http://reprievetrial.org)

*Dekouvèt yo pataje nan rezime sa a sòti nan popilasyon REPRIEVE la a yon moman espesifik nan dire a. Dekouvèt sa yo se deskripsyon yo ye epi yo pa fèt nan lide pou chanje swen klinik. Si ou genyen kesyon sou sa ou li yo, tanpri pale avèk manm ekip etid REPRIEVE la nan sit lokal ou a oswa avèk yon founisè swen sante.*